

Pwoteje tèt nou kont COVID-19 epi sispann pwopagasyon jèm bakteri yo.




Byen lave men nou avèk dlo ak savon **pandan omwen 20 segonn**, espesyalman anvan nou manje.




Evite kontak tou pre ak moun ki malad yo epi rete lakay nou si nou malad.



Evite manyen zye, nen ak bouch nou.



Rete lakay nou pi plis posib. **Tout moun** – menm moun ki jèn yo ak sila yo ki santi yo byen.



Si nou oblije soti, **rete a yon distans omwen 6 pye** de lòt moun.



Nou dwe mete yon mask pou figi oswa mask ki kouvri figi nou lè nou an piblik lè li pa posib pou nou kenbe distans sosyal (rete a distans 6 pye youn de lòt), espesyalman nan transpò piblik yo, nan magazen yo ak sou twotwa ki chaje moun yo.



Kouvri tous oswa etèniman nou ak yon papye, apre sa jete papye a nan poubèl.



Netwaye epi dezenfekte bagay ak sifas moun manyen souvan yo.

Rete Lakay nou. Rete An Sekirite. Sove Lavi.

www.ny.gov/coronavirus



Department
of Health